

Ekipman Pèsonèl pou pwotege w

Pi bon jan pou anpeche blese se elimine danje ninpòt lè li posib, ranplase materyèl ki danjere ak lòt e itilize kontròl

Nan anpil ka, sepandan, ou pa ka elimine dange tout ansamb e fò w sèvi ak ekipman pèsonèl ou (PPE) pou pwotege w kont blezi. Avan w sèvi ak PPE, toujou li liv ak enstriksyon ke manufacti a voye ak ekipman pou apran sekirite prekosyon ak danje ke machin sa ka genyen

Ekzamp PPE yo e ki lè pou sèvi ak yo se:

- pwoteksyon pou zye lè ap itilize zouti ak pisans, lè w sèvi ak pik pi san pisans pou penche ak kraze ròch oubyen beton
- Linèt solèy lè w ap travay dirèkteman nan solèy
- Krèm pou sèvi lè w ap sòti nan solèy ak yon PF faktè, mem lè l'omb deyò
- pwoteksyon pou figi w lè w ap taye, ranje e koupe bwa
- pwoteksyon pou zòrey ou lè w ak travay kote ki gen bwi oubyen lè w ap opere machin ak gaz;
- bagay pou respire lè w a mete pwazon pou ensèk, lè w ap pentire oubyen soude
- soulye ki bon pou travay deyò, kouwè bòt ki di nan zòtèy yo, si w ap leve bagay ki lou oubyen si ap travay bò kot ekipman ki lou ;
- Kas lè w ap taye pye bwa, travay nan kote ki ba oubyen lè gen moun ka jwe nan zòn nan; plis
- Gan ak ensilasyon lè w ap sèvi ak ekipman ki vibre

Gen de travay lè w ap fè yo, fò w mete plis ke yon PPE pou sekirite. Lè w ap manyen sèten angrè, pwazon pou zèb ak pou tiye ti bèt, paekzamp, met gan nan men w, pwotege zye w, Tyvek kouvèti ak bagay pou ede w respire

Zenith provides workplace safety resources at: **TheZenith.com**[®]